## SECTION – II
## खंड – II

**Note :** This section contains **three (3)** questions from each of the electives/specializations. The candidate has to choose only **one** elective/specialization and answer all the **three** questions contained therein. Each question carries **fifteen** (**15**) marks and is to be answered in about **three hundred** (**300**) words. **(3 × 15 = 45 marks)**

**नोट :** एहि खंडमे प्रत्येक ऐच्छिक इकाइ / विशेषज्ञतासँ **तीन** (3) प्रश्न अछि । अभ्यर्थीकेँ **एक** ऐच्छिक इकाई / विशेषज्ञता मात्रकेँ चुनि ओहीमेसँ **तीनू** प्रश्नक उत्तर देबाक अछि । प्रत्येक प्रश्न **पन्द्रह** अंकक अछि, जकर उत्तर लगभग **तीन सय** (300) शब्दमे अपेक्षित अछि । **(3 × 15 = 45 अंक)**

### ऐच्छिक – I
### (विद्यापति)

3. विद्यापति पदावलीमे वर्णित विरहक मार्मिकता पर प्रकाश दियड । **15**
4. विद्यापतिक भक्ति-भावनासँ परिचय कराउ । **15**
5. विद्यापतिक लोकप्रियताक रहस्य की अछि ? स्पष्ट करु । **15**

### ऐच्छिक – II
### (चन्दा झा)

3. कवीश्वर चन्दाझा-कालीन सामाजिक-सांस्कृतिक परिस्थितिकेँ स्पष्ट करु । **15**
4. कवीश्वर चन्दाझाक रामायणमे प्रकृति-वर्णनक चमत्कार देखाउ । **15**
5. कवीश्वर चन्दाझाक स्फुट रचनासँ परिचय कराउ । **15**

### ऐच्छिक – III
### (आधुनिक नाटक)

3. आधुनिक नाटकक विकासक्रम देखाउ । **15**
4. नचिकेताक नाट्यशिल्पक विश्लेषण करु । **15**
5. स्वतंत्रतापूर्व मैथिली नाटकक समीक्षा करु । **15**

### ऐच्छिक – IV
### (आधुनिक कविता)

3. आधुनिक मैथिली कविताक सम्प्रेषणीयता पर विचार करु । **15**
4. यात्रीक प्रगतिवादी दृष्टिकोणसँ अवगत कराउ । **15**
5. आधुनिक सन्दर्भमे 'पतन' खण्डकाव्यक मीमांसा करु । **15**

## SECTION – IV
## खंड– IV

**Note :** This section contains **five (5)** questions of **five (5)** marks each based on the following passage. Each question should be answered in about **thirty (30)** words.
**(5 × 5 = 25 marks)**

**नोट :** एहि खंडमे निम्नलिखित अनुच्छेदपर आधारित **पाँच** (5) प्रश्न अछि । प्रत्येक प्रश्नक उत्तर लगभग **तीस** (30) शब्दमे अपेक्षित अछि । प्रत्येक प्रश्**न पाँच** (5) अंकक अछि । **(5 × 5 = 25 अंक)**

कविकोकिल विद्यापति ठाकुर अभिनव जयदेव कहबैत छलाह । लोकक धारणा अछि जे ई उपाधि हुनका राजा शिवसिंह देने छलथिन । कोनो व्यक्तिक विशेषण रुढ़ भड गेलापर ओहि व्यक्तिक संज्ञा वा उपनाम भड जाइत अछि । ई पदबी विद्यापतिक उपनाम भड गेल । विद्यापति स्वयं एहि उपनामकँ विशेष महत्त्व नहि देलनि । हुनक नौ सयसँ अधिक गीत मध्य केवल चारि भनितामे ई उपनाम भेटल अछि । तकर विपरीत बीस गीतमे ओ अपनाकँ कवि-कण्ठहार कहैत छथि । एहिना विद्यापति सरसकवि शब्देँ आत्मनिर्देश बारह गीतमे कयल अछि । ओना बहुसंख्य गीतमे सोझे 'विद्यापति' अथवा 'सुकवि / कवि विद्यापति' सैह पाओल जाइत अछि । तेँ कहल जे विद्यापति स्वयं शिवसिंहक देल एहि उपाधिकँ विशेष महत्त्व नहि देलनि ।

जयदेव, मिथिला ओ विद्यापति एहि तीनूक बीच बहुत रास आ बहुत प्रकारक निकट सम्बन्ध ज्ञात अछि । एक विद्वानक कहब छनि जे जयदेवक जन्म मिथिलामे कन्हौली नामक गाममे भेल । कन्हौली शब्द कृष्णपल्ली शब्दक अपभ्रंश थिक, केन्दुविल्प एकरे कृत्रिम संस्कृतीकरण थिक । जयदेवक जन्मभूमि होयबाक श्रेय बंगाली लोकनि बंगालकँ ओ ओड़िया लोकनि उड़ीसाकँ दड रहल छथि । किन्तु किनकहु पक्का प्रमाण नहि छनि । जँ संभावना वा सम्भाव्यता सैह आधार हो तँ मिथिलाक दाबी ककरहुसँ कमजोर नहि अछि । मैथिल पण्डित जीविकाक अन्वेषणमे समतटसँ कच्छ दौड़ि जाइत छलाह । आश्चर्य नहि, मिथिलाक पुत्ररत्न वटुदास वा श्रीधरदासक संग जयदेव सेहो लक्ष्मणसेनक दरबार पहुँचल होथि । लक्ष्मणसेनक ख्याति विद्यापतिक पूर्व आ पश्चातो मिथिलाक घर-घरमे छल । प्रमाणस्वरूप तत्कालीन प्राय: सकल अभिलेखमे काल-निर्देश 'लक्ष्मण संवत्' भेटैत अछि ।

जयदेव पूजल तँ जाइत छथि वैष्णव सन्तक रूपमे, किन्तु जयदेवक कतिपय श्लोकएँ प्रकट होइत अछि जे जयदेव प्रारम्भमे केवल वैष्णव भक्त वा सन्त नहि छलाह । ओ प्राय: स्मार्त वा शैव सद्‌गृहस्थ छलाह, समान आस्थाक संग पंचदेवोपासक छलाह । यैह छल विशुद्ध मैथिल परम्परामे विद्यापतिक धार्मिक स्वरूप आ यैह स्वरूप देखैत छी जयदेवोक । जयदेव आ अभिनव जयदेव दुनूक एक बाना ।

15. विद्यापति की कहबैत छलाह आ से किएक ? **5**

